Laaj ak tontu ci:

# Rendez-vous ak waa Immigration and Customs Enforcement (ICE)

**Yan ñooy rendez-vous ak waa Immigration and Customs Enforcement (ICE)?** Mën nga am ab rendez-vous ak waa Immigration and Customs Enforcement (ICE). ICE ab nguuru biro federaal la buy toppatoo mbirum imigere yi. Liggéeykati ICE yi dañuy def ay mbir yu bari, bokk na ci jàpp ak topp imigere yi. Nit yu bari dañuy jël ay rendez-vous ICE suñu dajee ay ñiy liggéey ci wàllu imigarasioŋ ca foroñceeru Etats-Unis/Meksik, donte ndaje mi dafa gàttoon loon. Liggéeykati ICE yi dañuy jëfandikoo yile ndaje ngir topp imigere yuñu jàppoon te bayyi leen. Ab rendez-vous ICE dafa wuute ak ojansu tirbinaalu imigarasioŋ. Mën nga am ay rendez-vous ICE you bari akit ab kaa wu tirbinaalu imigrasioŋ. Wala nga am ay rendez-vous ICE kese fimu toll nii.

## Lu tax may am ab rendez-vous ICE?

Liggéeykati ICE yi dañuy fara di laaj imigere yi ñu teew ci ay rendez-vous yu bari, ngir firndéel ni imigéré bi mu ngi dëkk ci benn barab bi ba tey ak ni nekkul si risku kaarànge.

Lu am solo la nga teew ci say rendez-vous ICE. So teewul ci ab rendez-vous, ICE mën na la jéma tëj kaso.

## Nan laay def ngir am ab rendez-vous ICE?

Sudee ab liggéeykatu imigarasioŋ daf la wax ci foroñceeru Etats-Unis/Meksik ni dañ lay bayyi ngir nga dem ci ab rendez-vous ci ab biro imigarasioŋ ci biir ay weer yi nga duggee Etats-Unis, kon mën nañu wax ni da nga am ab rendez-vous ICE. Di nañ la wara jox ab bis ak ab waxtu buñu tànn ngir nga teew ci rendez-vous bii, waaye nekkul luy am saa su nekk.

Bi nga nekkee ci foroñceer bi ak yile xibaar, dañ la joxoon ay wayndare imigarasioŋ yu am ay xibaar ci sa rendez-vous ICE.

Xeyna liggéeykati imigarasioŋ jox nañ la ab telefon portaabal wala ab jumtukaayu xarala te wax la nga jëfandikoo (Application) ab jëfandaay ci jumtukaay ngir jokkoo boobu ak ñoom. Lii ab rendez-vous ICE la; donte mën nga fa baña teew yaw ci sa bopp demal ci ab biro ICE.


THE LEGAL AID SOCIETY

## Nan laay def ngir am ab rendez-vous ICE? Ndax mën naa ko def ci net bi?

Mën nga jël ab rendez-vous ci [www.ice.gov/check-in](http://www.ice.gov/check-in).


---

Di nga gis lenn lu melni lii ci suuf te di nga mëna jël wala soppi ab rendez-vous ICE, wala seet biro ICE bi gëna jege.




---

Ngir jëfandikoo sistemu rendez-vous buñu def ci net bi, dina laaj nga seet sa "Nimero raññeekaayu (ID) sujet" biñu bind ci wayndare biñ la joxoon ci foroñceeru Etats-Unis/Meksik. Mën nga gis sa nimero raññeekaayu sujet ci Formileeru I-385 bi nirook lii:


Subject ID:
Event No:
1. FAMILY NAME (Capital Letters) First Name Middle Name
2. Age
3. Country of Citizenship HAITI
4. Alias
5. Date Apprehended September 22, 2021
6. Office DRT/DRS
7. Birth Date
8. Birth Place HAITI
9. Sex ☒ Male ☐ Female
10. OSC/WA Served ☐ Yes ☒ No (Explain)
11. File Number
12. Bond $ Date Posted
13. CINS ☐ Yes ☒ No
14 Medical Alert ☐ No ☒ Yes (Explain) See I-831
15. TRANSFER DATE FROM TO
A
B
C
16. ADMITTED BY:
17. SEARCHED IN BY:
18. DATE ADMITTED:
19. RELEASED TO: ☐ V/R ☐ Deport
20. RELEASED BY:
21. DATE RELEASED:
22. Rt. Index Print – In
23. Rt. Index Print - Out
24. Remarks:
FORM I-385 (08/01/07) ALIEN BOOKING RECORD
UNITED STATES DEPARTMENT OF HOMELAND SECURITY

So amee ay jafe-jafe ci sistemu net bi, mën itam yonnee ab imel biro ICE bi fii ci New York City:

- Sudee JOXU ñu la ab telefonu nguur wala ab jumtukaayu xarala - yonnel imel [ERONYCAppointments@ice.dhs.gov](mailto:ERONYCAppointments@ice.dhs.gov).
- Sudee AM nga ab telefonu nguur wala ab jumtukaayu xarala - yonnel imel [ERONYCATD@ice.dhs.gov](mailto:ERONYCATD@ice.dhs.gov). Di nga jot ay tektak ci nan lañuy delloowee telefon bi wala jumtukaay bi.

## Nan laay def ngir soppi adarees bima joxoon waa ICE?

Sudee da nga toxu, da nga wara woo ICE ci 1-833-383-1465, Altine ba Ajjuma digante 8 waxtu ci suba ak 8 waxtu ci ngoon ci Waxtu Penku ngir jox leen sa adarees bu bees bi. Da nga wara def lii ci biir 5 fan yi ngay toxu.

Mën nga soppi itam sa adarees bi nga jox waa ICE ci net bi ci onlinechangeofaddress.ice.gov/ocoa. Ak nu say toxu mëna toll, da nga ko wara yeesal sa su nekk. Di wey di yeesal sa adarees dafay tax nga werlu ni dëppoo nga ak càkkutéefi yi waral ñu bayyi la te baña ñakka amal benn jokkoo bu am solo.

**Jangleen ngir am yeneeni xibaar**

legalaidnyc.org/newarrivals

THE LEGAL AID SOCIETY

Tambali ko 22 Suwe, 2023. Ngir am ay yeesal ci doxaliin wii, dema ci [www.ice.gov/check-in](http://www.ice.gov/check-in).